

Gid avantaj Humana ou a:

Konsèy Lekòl Konte Broward la
Rezime Avantaj Dantè 2027 la
Sèvis pou manm dantè
866-890-4464 oswa 954-527-4088
your.humana.com/sbbc

Humana

Established 1915
BROWARD
County Public Schools

Tab dè matyè

Poukisa ou ta dwe enskri pou avantaj dantè? 4

Apèsi sou kouvèti dantè 5

Kesyon yo poze souvan 6-8

Plan DHMO pou swen dantè 9

Kijan pou jwenn yon dantis nan rezo DHMO a 10

Plan PPO pou dantè 11

Kijan pou jwenn yon dantis nan rezo PPO a 13

Rabè eksklizif pou manm Humana yo 15

Jere plan Humana ou sou entènèt 16



Byenveni nan Humana

Nan Humana, nou vle ede pran swen w — avèk avantaj ki fè l fasil pou w jwenn swen ou bezwen yo, lè ou bezwen yo.Avèk opsyon plan ki fèt pou sipòte byennèt jeneral ou, swen ou toujou nan sant sa n ap fè a.



Plan dantè nou yoap fè ou souri

Nan Humana, nou vle ede pran swen ou. Sante dantèse yon pati enpòtan nan byennèt jeneral ou epi avantaj dantè Humana yo ede fè li fasil pou fè swen dantè ou yon priyorite. Lè ou enskri pou yon plan dantè Humana, w ap enskri pou yon sante pèsonèl ki pi bon.

Poukisa ou ta dwe enskri pou avantaj dantè?

Swen dantè prevantif, tankou tchèkòp ak netwayaj, ede sispann pwoblèm yoanvan yo kòmanse, sa ap fè w ekonomize tan ak lajan alontèm. Epi lè ousèvi ak yon dantis ki nan rezo a, **swen prevantif pa gen okenn frè adisyonèl pou ou.**

Pandan plizyè ane, doktè yo te rekonèt lyen ki genyen ant sante oral ak sante tout kò a. **Netwayaj dan regilye ka ede diminye risk ou genyen pou maladi kè, konjesyon serebral ak demans.**

Anplis, **Pran swen ou se nan kè tout sa n ap fè,** konsa nou fè li fasilpou ou ka jwenn èd ou bezwen an – lè ou bezwen li. Ekip sèvis nou yo setoujou pare pou ede epi reponn kesyon ou yo.

< Retounen nan Lis Kontni an

Apèsi sou kouvèti dantè

Anba asirans dantè ou a, ou ka chwazi **youn nan kat opsyon diferan:**

Chwa A: Plan swen dantè debaz Òganizasyon pou Jesyon Sante Dantè (DHMO, Dental Health Maintenance Organization) a

Plan sa a mete aksan sou swen prevantif epi li prevwa lòt sèvis ki pi konplè tou. Pifò sèvis prevantif ak dyagnostik yo kouvri san okenn frè adisyonèl, epi ou ka fè gwo ekonomi sou lòt sèvis dantè. Kopèman ki nan lis la se frè maksimòm ke Patisipan yo pral chaje. Dantis Jeneral pou sèvis espesifye ki kouvri yo. Si ou bezwen yon espesyalis (pa egzanp: yon andodontis, òtodontis, chirijyen oral, peryodontis, pwostodontis, oswa dantis pou timoun), ou ka ale dirèkteman wè nenpòt espesyalis ki fè pati rezo a. Lè w idantifye tèt ou kòm yon manm Humana/CompBenefits, w ap jwenn yon rabè 25% sou frè nòmal ak abityèl yo pou sèvis yo bay yo.

Chwa B: Plan swen dantè DHMO amelyore

Plan sa a bay menm pwoteksyon ak plan debaz la lè w ap itilize sèvis Dantis Jeneral Patisipan ou an. Kopèman ki nan lis la se frè maksimòm Dantis Jeneral oswa Espesyalis ki Patisipe a pral fè w peye.

Avèk plan swen dantè debaz la oswa amelyore a, ou resevwa avantaj sa yo:

- Pa gen dediktib
- Pa gen fòmilè reklamasyon
- Pa gen avantaj maksimòm anyèl
- Pa gen peryòd datant
- Pa gen restriksyon pou kondisyon sante ki te egziste deja

Chwa C: Plan dantè Òganizasyon Founisè Prefere (PPO, Preferred Provider Organization) debaz la

Avèk plan sa a, ou gen libète pou chwazi nenpòt dantis ou vle. Si ou chwazi pou w al wè yon dantis PPO ki patisipe, ou ap resevwa yon pi gwo nivo ranbousman. Ou ka deside lè w ap resevwa sèvis yo si ou vle itilize yon founisè ki patisipe oswa non.

Chwa D: Plan dantè PPO amelyore

Avèk plan sa a, ou gen libète pou chwazi nenpòt dantis ou vle. Si ou chwazi pou w al wè yon dantis PPO ki patisipe, ou ap resevwa yon pi gwo nivo ranbousman. Ou ka deside lè w ap resevwa sèvis yo si ou vle itilize yon founisè ki patisipe oswa non. Opsyon sa a ofri pwoteksyon pou tretman òtodontik ak yon limit maksimòm anyèl ki pi wo pou sèvis prevantif, debaz ak majè.

Rezo dantè prefere	Ki deyò rezo a:
Dediktib anyèl: $25 pa moun (Maksimòm 3/fanmi) Anile pou Klas 1	**Dediktib anyèl:** $50 pa moun (Maksimòm 3/fanmi) Anile pou Klas 1
Avantaj pou ane sivil la: Debaz: $1,250 Amelyore: $2,000	**Avantaj pou ane sivil la:** Debaz: $1,250 Amelyore: $2,000
Klas I 100% nan Orè PPO a - (San dediktib)	**Klas I** 90% nan Orè PPO a - (San dediktib)
Klas II 80% nan Orè PPO a - (Aprè dediktib)	**Klas II** 70% nan Orè PPO a - (Aprè dediktib)
Klas III 50% nan Orè PPO a - (Aprè dediktib)	**Klas III** 40% nan Orè PPO a - (Aprè dediktib)
Klas IV Avantaj òtodontik yo disponib sèlman nan plan Enhanced PPO a. Pou avantaj òtodontik pou granmoun ak timoun, tanpri gade tablo avantaj PPO a	**Klas IV** Avantaj òtodontik yo disponib sèlman nan plan PPO amelyore a. Pou avantaj òtodontik pou granmoun ak timoun, tanpri gade tablo avantaj PPO a

< Retounen nan Lis Kontni an

Kesyon yo poze souvan yo

Chwa A ak B: Plan swen dantè DHMO debaz ak DHMO amelyore

Ki kote mwen ka jwenn avantaj Humana/CompBenefits yo?

Avantaj swen dantè Humana/CompBenefits yo ofri pa dantis jeneralis ak espesyalis ki fè pati rezo a. Si w enskri nan youn nan plan DHMO Bazik oswa avanse yo, ou dwe chwazi yon dantis swen prensipal (PCD) ki patisipe nan plan an. Ou ka chèche yon founisè k ap patisipe nan pwogram nan sou entènèt sou **your.humana.com/sbbc** oubyen lè w kontakte Sèvis pou Manm yo aprè dat efektif ou a.

Kijan pou m jwenn yon randevou dantis?

Senpleman rele dantis jeneral ou chwazi a epi pran yon randevou. Tanpri, pran yon ti moman pou w konfime dat kòmansman kouvèti lan, ki enprime sou kat idantifikasyon w lan. Tanpri tann jiskaske dat efektif la pou w pran yon randevou ak dantis jeneral patisipan ki asiyen w la.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen bezwen anile randevou mwen an?

Si ou bezwen anile yon randevou, tanpri rele dantis jeneral ou ki patisipe nan pwogram nan omwen 24 èdtan anvan randevou a. Dantis yo travay sou baz randevou epi yo ka mande w peye si ou pa vini nan randevou a.

Lè m ale kay dantis jeneral ki fè pati rezo a mwen te chwazi a, ki kalite tretman m ap resevwa?

Dantis jeneral k ap patisipe a pral evalye tout bezwen ou yo nan domèn dantè. Asire w ou konprann plan tretman yo rekòmande a ak nenpòt frè yo pwopoze. Ou ka mande yon kopi alekri plan tretman ou an. Si ou gen nenpòt kesyon sou plan tretman ou an, diskite yo ak dantis jeneral ou ki patisipe nan tretman an. Si ou gen kesyon konsènan Kalandriye Avantaj ou a, kontakte Sèvis Manm Humana/CompBenefits yo.

E si m ta vle yon dezyèm opinyon?

Ou ka jwenn yon dezyèm opinyon nan men youn nan dantis jeneral ki patisipe nan Humana/CompBenefits yo. Tablo avantaj ou an ap montre w ki kantite lajan w ap gen pou w peye. Senpleman rele yon dantis jeneral k ap patisipe nan pwogram nan epi fè moun ki resevwa apèl la konnen ou ta renmen pran yon randevou pou w ka jwenn yon dezyèm opinyon. Asire w ou endike ou se yon manm Humana/CompBenefits. Dantis la ap evalye sitiyasyon w lan epi diskite sou li avèk ou. Si yo bay nenpòt sèvis, w ap responsab pou peye frè yo.

Kisa pou m fè si m bezwen tretman ijans?

Rele dantis jeneral ou ki patisipe a epi mande yon randevou ijans pou tretman yon kondisyon aksidantèl, ki douloure oswa ijan. Tablo avantaj ou yo montre kopèman pou randevou an ijans. Kopèman sa a ajoute sou nenpòt kopèman pou tretman an. Si dantis jeneral ou ki patisipe nan plan an pa disponib, kontakte Sèvis pou manm Humana/CompBenefits yo. N ap ede w jwenn yon lòt dantis jeneral ki patisipe nan pwogram nan ki ka ba w swen ijans. Konsilte Sètifika Avanaj ou a pou jwenn enfòmasyon espesifik konsènan swen ijans “deyò zòn nan”.

< Retounen nan Lis Kontni an

Èske plan an kouvri swen yon espesyalis?

Anba plan Debaz la, ou ka wè nenpòt espesyalis ki patisipe epi resevwa yon rediksyon 25% sou pri nòmal espesyalis sa a. Tablo Avantaj ou a ap aplike pou vizit ou kay espesyalis la anba plan Amelyore a.

Èske tout moun ki sou kontra asirans mwen an dwe itilize menm Dantis Jeneral la?

Non, ou menm ak chak manm fanmi ou ki kouvri nan plan an ka chwazi yon lòt dantis jeneral patisipan.

Konbyen mwen peye si yon pwosedi pa sou Lis Avantaj mwen an?

Gen kèk sèvis ki espesifikman endike kòm bagay ki pa enkli nan Lis Avantaj ou a. Ou pa gen okenn avantaj pou sèvis sa yo. Nenpòt sèvis ki pa espesyalman eskli, men ki pa nan lis ak yon kopèman espesifik, disponib nan tarif abityèl ak òdinè dantis jeneral patisipan an mwens 25% sof si gen lòt enfòmasyon ki endike nan Lis Avantaj ou a. Frè abityèl ak òdinè se frè yon dantis jeneral patisipan abitye fè peye pou sèvis dantè. Se pa Humana/CompBenefits ki detèmine chaj sa yo.

Èske mwen ka chanje soti nan yon dantis jeneral k ap patisipe pou ale nan yon lòt?

Wi, ou ka chanje dantis jeneral k ap patisipe a tou senpleman lè w rele Sèvis Manm Humana/CompBenefits. Si ou mande yon chanjman anvan 15yèm jou nan mwa a, li pral antre an vigè nan datpremye jou nan mwa ki vin aprè a (si ou pa gen yon balans ki dwe ak kont patisipan ou ye kounye adantis jeneral).

Chwa C ak D: Plan dantè PPO debaz ak PPO amelyore

Ki dediktib mwen an?

Dediktib ou a ap varye selon si ou chwazi pou itilize yon Founisè PPO ki patisipe oswa non. Lè w ap itilize dantis PPO ki nan rezo a, w ap gen yon dediktib $25 pou chak ane (maksimòm $75 pa fanmi). Lè w ap itilize yon dantis ki pa nan rezo a, w ap gen yon dediktib $50 pou chak ane kalandriye (maksimòm $150 pa fanmi).

Ki avantaj maksimòm mwen an?

Avantaj maksimòm ki peyab la se $1,250 pou chak manm ki kouvri pa ane sivil sou Plan PPO debaz la ak $2,000 nan Plan PPO amelyore a.

Ki moun ki soumèt reklamasyon mwen an – mwen menm oswa dantis mwen an?

Se responsablite w pou asire w reklamasyon yo depoze. Sepandan, gen kèk klinik dantè ki ap byen kontan ede w depoze yon reklamasyon.

< Retounen nan Lis Kontni an

Ki moun ki resevwa pèman an – mwen oswa dantis mwen an?

Ou ap vle diskite sa ak dantis ou anvan li ba ou sèvis yo. Y ap detèmine ranbousman an lè yo “atribye” avantaj yo lè w ap ranpli fòmilè reklamasyon w lan. Dantis ou a ka vle ou peye l dirèkteman, epi aprè sa y ap ranbouse w, oubyen dantis ou a ka prefere konpayi asirans lan peye reklamasyon w lan dirèkteman bay dantis la.

Kijan yo kowòdone avantaj yo si mwen kouvri anba plis pase yon kontra asirans?

Si ou gen asirans ak de konpayi, ou ka vle depoze yon reklamasyon ak toulede konpayi yo. Y ap konsidere yon konpayi kòm konpayi “prensipal,” e konsa, se li menm k ap peye avantaj yo an premye. Lòt konpayi an pral konsidere kòm “segondè” epi li pral peye avantaj li yo sèlman aprè konpayi “prensipal” la fin fè sa. Total avantaj de konpayi yo peye a p ap depase depans reyèl ou yo.

Kijan mwen ka jwenn yon fòmilè reklamasyon?

Gen kèk kabinè dantè ki ka gen fòmilè reklamasyon, gen lòt ki ka pa genyen. Si ni klinik dantis ou a ni klinik Asirans ou a pa gen fòmilè reklamasyon, Humana/CompBenefits ap byen kontan ba ou youn. Tanpri rele **866-890-4464** oswa **954-527-4088**.

Konbyen tan mwen genyen pou m depoze yon reklamasyon?

Tout reklamasyon yo dwe depoze nan yon (1) lane apati dat sèvis la.

Èske m ka ale kay nenpòt dantis?

Polis asirans ou an pèmèt ou vizite dantis ou chwazi a. Sonje byen, w ap resevwa plis avantaj lè w ap itilize yon Founisè ki Patisipe nan PPO a. Tanpri gade Lis Avantaj ou a pou plis detay.

Èske plan mwen an kouvri tretman òtodontik?

Yo pral kouvri òtodonsi pou granmoun ak timoun sèlman dapre ranbousman maksimòm ki sou plan amelyore a.

Kijan m ka konnen konbyen lajan y ap ranbouse m?

Humana/CompBenefits rekòmande pou soumèt yon predetèminasyon avantaj pou nenpòt travay ki depase $300.00 pou kapab predi avèk presizyon depans ou yo.

Si ou gen kesyon sou nenpòt nan kat plan yo, tanpri rele Liy Dirèk Sèvis Manm Humana/CompBenefits nan **866-890-4464** oswa **954-527-4088**.

< Retounen nan Lis Kontni an

Plan DHMO pou swen dantè

Avantaj ak sèvis ki make anba a bay yon apèsi sou plan dantè ou ka enskri pou yo. Tablo a montre kijan y ap peye sèvis yo lè w vizite yon dantis nan rezo Humana a.

Chwa A: DHMO debaz ak Chwa B: DHMO amelyore

Avèk plan sa yo, ou peye yon montan fiks, oswa yon kopèman, pou chak sèvis lè ou wè yon dantis swen prensipal ki patisipe. Pa gen maksimòm anyèl, pa gen dediktibepi pa gen peryòd datant.

		Sa ou peye	
	Non plan an	**Chwa A: School Board of Broward Basic (SBBC 97)**	**Chwa B: School Board of Broward FGC Plus**
Sèvispre-vantif	Vizit nan klinik	$0	$0
	Egzamen oral	$0	$0
	Radyografi (seri konplè)	$0	$0
	Netwayaj pwofilaksi (granmoun / timoun)	$0	$0
	Aplikasyon fliyò lokal (timoun ki gen mwens pase 16 an)	$0	$0
	Pwoteksyon pou dan (pou chak dan)	$0	$7
Sèvis Debaz yo	Plonbaj amalgam (yon sifas)	$0	$0
	Plonbaj konpoze ki baze sou rezin (yon sifas, dan devan)	$0	$12
Sèvis prensipal yo	Kouwòn	$200	$185-200
	Tretman andodontik, dan molè	$175	$175
	Antretyen pawodontal	$105	$35
	Ekstraksyon (dan ki soti oswa rasin ki ekspoze)	$0	$0
Òtodonsi	Timoun ki gen jiska 19 lane, jiska 24 mwa tretman òtodontik woutin Jiska 24 mwa tretman òtodonsi regilye pou granmoun.	Jiska 25% rabè	Retansyon $1,685+ pou timoun Retansyon $2,185+ pou granmoun

Avantaj yo montre yo se pou sèvis ki nan rezo a. Sa a se yon egzanp epi pri yo ka varye. Si ou enskri nan plan sa a, ou ka gade Rezime Avantaj ak Pwoteksyon ou pou plis detay.

Pou yon rezime konplèeskane kòd avantaj yo, oubyen ale nan **humana.info/SBBC_DHMO_A**

Pou yon rezime konplè sou avantaj yo, eskane kòd la, oubyen ale nan **humana.info/SBBC_DHMO_B**

< Retounen nan Lis Kontni an



Kijan pou jwenn yon dantisnan rezo DHMO yo

Lè w vizite yon dantis nan rezo Humana a, sa asire w w apjwenn pi bon pri pou swen dantè. Pou jwenn yon moun ki nan rezo adantis pou chak plan, suiv etap sa yo:

Etap 1: Eskane kòd QR la oubyen ale nan **humana.com/findadentist** epi konekte sou kont MyHumana ou a oubyen chèche kòm yon envitelè l sèvi avèk kòd postal ou a.

Etap 2: Antre enfòmasyon rechèch ou a daprè plan an

Pou plan DHMO yo

- Antre **Kòd postal ou**
- Nan fenèt ki parèt la, chwazi **“DHMO”** pou “Tip Kouvèti”
- Chwazi rezo a: **School Board of Broward Basic or School Board of Broward FGC Plus**
- Klike sou bouton **“Select”** an
- Sou pwochen ekran an, klike sou “**all dental providers**” ki anba kaz antre “Dentist name or specialty” a pou jwenn yon lis tout founisè yo.
- Chwazi yon dantis nan rezilta rechèch la. Rele pou konfime y ap aksepte nouvo pasyan, klike sou “**View details**” epi desann epi pran nòt de yo “**Primary care number.**”
- Aprè ou fin enskri, dantis ou chwazi a ap bezwen yo asiyen li kòm Dantis Swen Prensipal (PCD) ou anvan ou jwenn sèvis dantè. Pou fè sa, kontakte Humanasèvi ak nimewo ki sou do kat idantite w la epi bay li **Primary care number** pou PCD ou chwazi a.

Èske dantis ou a pa nanrezo nou an?

Nou pa vle ou oblije chwazi ant kontinye wè dantis ou a epi resevwa pi bon valè posib nan plan avantaj dantè ou a.

Ou ka ede nou mete dantis ou a nan rezo nou an. **Eskane kòd QR la epi ranpli fòmilè sou entènèt la pou refere dantis ou a.**

Plan PPO pou dantè

Avantaj ak sèvis ki make anba a bay yon apèsi sou plan dantè ou ka enskri pou yo. Tablo a montre kijan y ap peye sèvis yo lè w vizite yon dantis nan rezo Humana a.

	Chwa C: PPO debaz	Chwa D: PPO amelyore
	Ale wè yon dantis ki fè pati rezo a pou w jwenn pri swen ki pi ba a. W ap peye plis pou sèvis yo si ou wè yon dantis ki pa nan rezo a. Sèvis ki pa nan rezo a baze sou chaj maksimòm otorize a.	
Dediktib	Kantite lajan ou peye anvan plan dantè w la kòmanse peye pou depans ki kouvri yo (eksepte sèvis prevantif ak sèvis òtodontik):	
	Endividyèl: $25	Endividyèl: $25
	Fanmi: $75	Fanmi: $75
Maksimò-manyèl	Montan total plan an peye nan yon ane plan:	
	$1.250	$2.000
Maksimòm anyèl pwolonje	Aprè ou fin rive nan limit maksimòm anyèl la, w ap benefisye de yon kouvèti 30% (ko-asirans) pou sèvis prevantif, debaz ak gwo entèvansyon pandan rès ane a (sa pa gen ladan l tretman òtodonsi).	
Sèvisprevantif	Sèvis prevantif yo gen ladan yo netwayaj woutin jiska 4 pa ane, radyografi woutin, ak depistaj kansè nan bouch.	
	Plan an peye 100% sèvis ki kouvri yo jiska maksimòm anyèl la	Plan an peye 100% sèvis ki kouvri yo jiska maksimòm anyèl la
Sèvis Debaz yo	Sèvis debaz yo enkli plonbaj, ekstraksyon senp ak kanal rasin.	
	Plan an peye 80% nan sèvis ki kouvri yo aprè dediktib la.	Plan an peye 80% nan sèvis ki kouvri yo aprè dediktib la.
Sèvis prensipal yo	Sèvis prensipal yo gen ladan kouwòn, pon dantè, enplan dantè ak fo dan.	
	Plan an peye 50% nan sèvis ki kouvri yo aprè dediktib la.	Plan an peye 50% nan sèvis ki kouvri yo aprè dediktib la.
Òtodonsi	Pa garanti. Manm yo ka jwenn yon rabè sou sèvis ki pa kouvri yojiska 20 %.	Òtodonsi pou granmoun/timoun – Plan an peye 50% (san okenn dediktib) nan sèvis òtodonsi ki kouvri yo, jiska yon limit maksimòm $1,800 pou tout lavi.

Pou swen dantè ki ka koute w plis pase $300, dantis ou a ap gen plis chans soumèt yon plan tretman dantè ki pwopoze. Humana ap itilize plan tretman dantè sa a pou ede ba ou yon estimasyon avantaj pou sèvis ki te planifye a. Pafwa yo ka rele sa yon “Estimasyon Pre-Tretman”. Malgre li rekòmande, sa pa obligatwa anvan ou resevwa tretman an. Estimasyon an baze sou avantaj ki disponib nan moman tretman an epi li ka chanje si yo soumèt lòt reklamasyon anvan tretman an fini.

Pou yon rezime konplè soukòd eskane avantaj yo, oubyen ale nan **humana.info/SBBC_PPO_C**

Pou yon rezime konplè sou avantaj yo, eskane kòd la, oubyen ale nan **humana.info/SBBC_PPO_D**

< Retounen nan Lis Kontni an



Plan PPO dantè ou a pwolonje avantaj ou yopou ekonomize lajan

Maksimòm anyèl pwolonje Humana a ba ou kontinyeaksè a avantaj dantè ou aprè ou fin rive nan peryòd anyèl laavantaj maksimòm sou sa plan an peye a.

Nou vle ede w fè li fasil pou w priyorize swen dantè w kòm yon pati enpòtan nan sante jeneral ou. Plan dantè ou a **maksimòm anyèl pwolonje** ap ede w ekonomize lajan lè l ba w aksè kontinyèl a avantaj dantè w yo:

- **Humana ap peye 30% nan chaj ki kouvri yo*** – menm aprè ou finitilize tout montan maksimòm anyèl plan ou an.
- **Pwoteksyon pwolonje** pèmèt ou kontinye peye mwens ak rabè nan rezo a sou sèvis ki kouvri lè ou wè yon dantis nan rezo a.

Egzanp kijan maksimòm anyèl pwolonje a fonksyone:

Nan yon dènye vizit kay dantis la, Kevin te dekouvri li pral bezwen yon tretman kanal rasin ak yon kouwòn, epi li deja rive nan avantaj maksimòm anyèl li pou ane a. **Avèk maksimòm anyèl pwolonje a, men kijan Kevin ekonomize lajan:**

	San Maksimòm Anyèl Pwolonje	Avèk Maksimòm Anyèl Pwolonje
		Plan an peye 30% nan pri a
Kanal radikilè	$875	**$612.50 ($875 - 30%)**
Kouwòn	$800	**$560** ($800 - 30%)
PRI POU MANM:	**$1,675**	**$1,172.50**
Nan egzanp sa a, Kevin te ekonomize plis pase $500		

Sa a se yon egzanp sèlman pou rezon ilistratif. Ekonomi reyèl yo ap depann de avantaj yo, ansanm ak sèvis yo bay yo.

* Peryòd datant, frekans espesifik sèvis laak/oswa limit laj ka aplike.

Maksimòm Anyèl Pwolonje disponib avèkplan PPO espesifik ak plan Tradisyonèl Preferansyèl yo.



Kijan pou jwenn yon dantisnan rezo PPO a

Lè w vizite yon dantis nan rezo Humana a, sa asire w w apjwenn pi bon pri pou swen dantè. Pou jwenn yon moun ki nan rezo adantis pou chak plan, suiv etap sa yo:

Etap 1: Eskane kòd QR la oubyen ale nan **humana.com/findadentist** epi konekte sou kont MyHumana ou a oubyen chèche kòm yon envitelè l sèvi avèk kòd postal ou.

Etap 2: Antre enfòmasyon rechèch ou a daprè plan an

Pou PPO Tradisyonèl Preferansyèl la

- Antre **Kòd postal ou**
- Nan fenèt ki parèt la, chwazi **“PPO”** pou “Coverage Type”
- Chwazi rezo a: **PPO/Traditional Preferred**
- Klike sou bouton **“Select”** an
- Sou pwochen ekran an, klike sou “**all dental providers**” ki anba kaz antre “Non dantis oswa espesyalite” a pou jwenn yon lis tout founisè yo.

Èske dantis ou a pa nanrezo nou an?

Nou pa vle ou oblije chwazi ant kontinye wè dantis ou a epi resevwa pi bon valè posib nan plan avantaj dantè ou a.

Ou ka ede nou mete dantis ou a nan rezo nou an. **Eskane kòd QR la epi ranpli fòmilè sou entènèt la pou refere dantis ou a.**

< Retounen nan Lis Kontni an



Ki lòt bagay ki vini akplan Humana ou a?

Antanke manm Humana, ou pral gen aksè a lòt avantaj tankourabè eksklizif nou yo sou yon varyete sèvis ki sipòtesante ak byennèt jeneral ou.

Rabè eksklizif pou manm Humana yo

Aksè a yon varyete rabè ki sipòtesante jeneral ou ak byennèt ou

Nou konprann enpòtans sante jeneral ou, se poutèt sa nou chwazi ak anpil atansyon konpayi pou nou fè ekip avèk yo pou ofri rabè espesyal ke manm Humana yo ka jwi:

- **Pwodwi dantè pèsonalize** pou bagay tankou blanchiman dan ak swen dantèaparèy ki gen swivi ak fidbak pèsonalize
- **Rabè sou swen vizyon** sou Lasik, egzamen, linèt ak kontak
- **Opsyon pou aparèy pou tande** nan zòn ou an ak sou entènèt
- **Rabè adisyonèl** pou bagay tankou pèdi pwa, terapi masaj, aparèy fitness, ak plis ankò

Yon fwa pwoteksyon plan Humana ou a kòmanse, **jwenn aksè a rabè eksklizif ou yo** lè w konekte sou **MyHumana.com**.

Chèche “Special Discounts” nan seksyon “Coverage” MyHumana a.

< Retounen nan Lis Kontni an


Jereplan Humana ou an sou entènèt

MyHumana sou wout la

Yon fwa ou vin yon manm plan Humana, ou jwenn plan ou a maksimòm avèk yon kont MyHumana, epi ou ka pote bagay esansyèl Humana ou yo tout kote ou ale avèk aplikasyon mobil MyHumana a.

Selon plan ou an, Ou ka itilize aplikasyon an pou:

- **Eksplore detay sou pwoteksyon ak avantaj yo**moman ou bezwen yo a
- **Jwenn kat idantifikasyon manm ou yo** epi ajoute yonan bous telefòn ou an
- **Jwenn swen tou pre ou** epi jwenn direksyonsou aplikasyon kat jeyografik ki sou telefòn ou an
- **Revize estati reklamasyon yo**
- **Jwenn aksè a rabè eksklizif pou manm ou yo**



Yon fwa pwoteksyon plan Humana ou a kòmanse, ale nan **MyHumana.com** pou aktive kont ou a **oubyen telechaje epi enskri sou aplikasyon MyHumana a** pou iOS ak Android.

Download on the App Store

GET IT ON Google Play

Aprann plis nan humana.com/manm/manaje-kont-ou

< Retounen nan Lis Kontni an

Avi sou Non-Diskriminasyon Humana Inc. ak filyal li yo respekte lwa federal ki aplikab sou dwa sivil yo, epi yo pa fè diskriminasyon ni yo pa eskli moun akoz ras yo, koulè po yo, relijyon yo, sèks yo, idantite sèks yo, oryantasyon seksyèl yo, laj yo, andikap yo, orijin nasyonal yo, estati militè yo, estati ansyen konbatan yo, enfòmasyon jenetik yo, orijin zansèt yo, etnisite yo, eta sivil yo, lang yo, eta sante yo, oswa bezwen yo genyen pou sèvis sante. Humana Inc. bay moun ki gen andikap modifikasyon rezonab ansanm ak sèvis ak zouti oksilyè ki apwopriye epi ki gratis pou yo ka kominike avèk nou yon fason efikas; anplis de sa, konpayi an bay sèvis asistans lengwistik gratis pou moun ki pa pale Anglè kòm lang prensipal yo, sa ki gen ladan l entèprèt lang siy ki kalifye ak enfòmasyon alekri nan lòt fòma.

Si ou bezwen modifikasyon rezonab, èd oksilyè apwopriye, oswa sèvis asistans lengwistik, kontakte Humana Inc. ak filiyal li yo nan **877-320-1235 (TTY: 711)**. Orè Fonksyonnman: 8 a.m. – 8 p.m. Lè Lès Si ou kwè Humana, Inc. pa bay sèvis sa yo oswa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, relijyon, jan, idantite jan, sèks, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, orijin nasyonal, estati militè, estati ansyen konbatan, enfòmasyon jenetik, zansèt, etnisite, eta sivil, lang, eta sante, oswa sou baz bezwen sèvis sante, ou ka depoze yon plent an pèsòn oswa atravè lapòs, oswa atravè imèl bay Humana Inc.'s Non-Discrimination Coordinator a nan P.O. Box 14618, Lexington, KY 40512-4618, **877-320-1235 (TTY: 711)**, oswa **accessibility@humana.com**. Si ou bezwen èd pou w depoze yon plent, Humana Inc.'s Non-Discrimination Coordinator ka ede w.

Ou ka depoze yon plent tou nan Ministè Ameriken Lasante ak Sèvis Sosyal, Biwo Dwa Sivil, pa mwayen elektwonik sou Pòtay pou Plent Biwo Dwa Sivil yo, ki disponib sou **https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf**, oswa atravè lapòs oswa atravè telefòn nan: U.S. Department of Health and Human Services, 200 Independence Avenue, S.W., Room 509F, HHH Building Washington, D.C. 20201. **800-368-1019**, **800-537-7697 (TDD)**.

Manm oswa rezidan California: Ou kapab rele tou nimewo asistans gratis Depatman Asirans California a, **800-927-HELP (4357)**, pou depoze yon plent.

Èd ak sèvis oksilyè, gratis disponib pou, ou 877-320-1235 (TTY: 711). Orè fonksyònman: 8 a.m. – 8 p.m. Lè Lès Humana Inc. ak filyal li yo bay èd ak sèvis oksilyè gratis pou moun ki gen andikap lè èd ak sèvis oksilyè sa yo nesesè pou asire yo gen menm opòtinite pou patisipe. Sèvis yo gen ladan yo entèprèt lang siy kalifye, entèpretasyon videyo adistans ak enfòmasyon alekri nan lòt fòma.

English: Call the number above to receive free language assistance services.

Español (Spanish): Llame al número que se indica arriba para recibir servicios gratuitos de asistencia lingüística.

繁體中文 (Chinese): 您可以撥打上面的電話號碼以獲得免費的語言協助服務。

Tiếng Việt (Vietnamese): Gọi số điện thoại ở trên để nhận các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí.

한국어 **(Korean):** 무료 언어 지원 서비스를 받으려면 위 번호로 전화하십시오.

Tagalog (Tagalog – Filipino): Tawagan ang numero sa itaas para makatanggap ng mga libreng serbisyo sa tulong sa wika.

Русский (Russian): Позвоните по вышеуказанному номеру, чтобы получить бесплатную языковую поддержку.

العربية (Arabic): اتصل برقم الهاتف أعلاه للحصول على خدمات المساعدة اللغوية المجانية.

Kreyòl Ayisyen (Haitian Creole): Rele nimewo ki endike anwo a pou resevwa sèvis èd gratis nan lang.

Français (French): Appelez le numéro ci-dessus pour recevoir des services gratuits d'assistance linguistique.

Polski (Polish): Aby skorzystać z bezpłatnej pomocy językowej, należy zadzwonić pod wyżej podany numer.

Português (Portuguese): Ligue para o número acima para receber serviços gratuitos de assistência no idioma.

Italiano (Italian): Chiamare il numero sopra indicato per ricevere servizi di assistenza linguistica gratuiti.

日本語 (Japanese): 無料の言語支援サービスを受けるには、上記の番号までお電話ください。

Deutsch (German): Wählen Sie die oben angegebene Nummer, um kostenlose sprachliche Hilfsdienstleistungen zu erhalten.

فارسی (Farsi): برای دریافت تسهیلات زبانی بصورت رایگان با شماره فوق تماس بگیرید..

हिंदी (Hindi): भाषा सेवाएं मुफ्त में प्राप्त करने के लिए, ऊपर दिए गए नंबर पर कॉल करें।

ՀԱՅԵՐԵՆ (Armenian): Ձանգահարեք վերը նշված հեռախոսահամարով՝ անվճար լեզվական օգնության ծառայություններ ստանալու համար:

ગુજરાતી (Gujarati): મફત ભાષા સહાય સેવાઓ મેળવવા માટે ઉપર આપેલા નંબર પર કૉલ કરો.

Hmoob (Hmong): Hu rau tus xov tooj saum toj sauv kom tau txais kev pab txhais lus dawb.

Avi sa yo disponib nan **www.humana.com/legal/non-discrimination-disclosure** ak **www.humana.com/legal/multi-language-support.**

Humana

Sèvis pou manm dantè

866-890-4464

954-527-4088

your.humana.com/sbbc

Established 1915
BROWARD
County Public Schools

Asirans oswa administrasyon Humana Insurance Company bay, oswa CompBenefits Company ofri

Kominikasyon sa a bay yon deskripsyon jeneral sou sèten avantaj asirans oswa avantaj ki pa asirans ki idantifye, yo bay nan kad youn oswa plizyè plan avantaj asirans nou yo. Plan benefis asirans nou yo gen esklizyon ak limitasyon ansanm ak kondisyon anba ki pwoteksyon an ka kontinye an vigè oswa sispann. Pou pri yo ak tout detay sou pwoteksyon an, gade dokiman plan an oswa rele oswa ekri ajan asirans Humana ou a oswa konpayi an. Nan ka gen nenpòt dezakò ant kominikasyon sa a ak dokiman plan an, se dokiman plan an k ap sèvi kòm referans.

App Store ak Google Play Store se mak komèsyal ki anrejistre sou non Apple Inc. ak Google. Tout dwa rezève. Apple ak Google pa patisipe nan pwomosyon sa a ni yo pa patwone li.

FLHMN55CR 0826